



DEPATMAN LAPOLIS, KONTE SUFFOLK
AJANS LAPOLIS AKREDITE
DIREKTIV DEPATMAN AN
PDCS-2008-1

PAJ 1 SOU 15 PAJ

NIMEWO LÒD 18-70

KALITE LÒD JENERAL DEPATMAN	OTORITE GERALDINE HART KOMISYONÈ LAPOLIS	SIYATI	
OBJÈ/SIJÈ/TIT PLAN AKSÈ NAN LANG			
DISTRIBISYON TOUT MANM NAN DEPATMAN AN	SEKSYON KREYE 12/04/15	DATE ANVIGÈ 12/18/18	DAT MODIFYE 12/18/18

RÈG AK PWOSEDI

CHAPIT 26: TIT: RELASYON KOMINOTÈ

SEKSYON 5: TIT: PLAN AKSÈ NAN LANG

I. OBJEKTIF

Asire moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè (Limited English Proficiency, LEP) jwenn tout aksè nan tout sèvis Depatman an.

II. RÈGLEMAN

A. Plan Aksè nan Lang (Language Access Plan, LAP) sa a gen pwosedi pou bay Sèvis Èd pou Lang pou tout moun ki abite nan Konte Suffolk ki bezwen oswa ki mande sèvis lapolis. Y ap mete l ajou chak ane epi mete l disponib sou sitwèb Depatman an, sou fòm enprime nan tout enstalasyon ki louvri pou piblik la epi distribye l nan tout distri lapolis la.

B. Pèsonèl Depatman an dwe ofri sèvis èd pou lang anakò avèk pwosedi ki genyen nan LAP sa a epi li dwe fè rezidan yo konnen sèvis sa yo disponib pou yo gratis.

C. Okenn manm nan Depatman sa a pa dwe mande enfòmasyon osnon divilge okenn sitiyasyon imigrasyon yon moun, sòf si lalwa egzije demann oswa divilgasyon sa a. Itilizasyon sèvis èd pou lang yo pa dwe reprezante yon baz pou mande sitiyasyon imigrasyon okenn moun.

III. DEFINISYON

A. Bileng - kapasite pou itilize de (2) lang nan yon nivo konpetans ki sifi pou byen patisipe nan yon konvèsasyon sou sijè pratik, sosyal ak pwofesyonèl, epi posede yon gwo vokabilè, aksan modere ak nivo konpreyansyon ki nesèsè pou yon vitès lapawòl ki nòmal.

B. Manm Bileng - yon manm Depatman an ki te pran tès epi ki sètifye pou bay èd pou lang pa mwayen konvèsasyon (monoleng) nan yon sèl lang nan yon lang ki pa Anglè.

C. Entèprèt Otorize Depatman an (Department Authorized Interpreter, DAI) - yon manm nan Depatman an ki te pran tès epi ki sètifye pou bay sèvis entèpretasyon pandan l ap egzèse fonksyon ofisyèl li.

D. DAI/Lis Manm Bileng Sètifye (Lis DAI) - yon lis manm nan Depatman an ki otorize bay sèvis entèpretasyon pandan y ap egzèse fonksyon ofisyèl yo.

E. Entèpretasyon - aksyon ki konsène yon moun ki gen konpetans ak konesans byen presi nan de (2) lang ki fè li ka tandè yon kominikasyon nan yon lang (lang sous) epi li konvèti kominikasyon an aloral nan yon lòt lang (lang sib).

F. Done Swivi Èd pou Lang - enfòmasyon yo kolekte pou dokimante yon entèpretasyon (tradiksyon nan bouch) oswa konvèsasyon nan yon sèl lang. Nenpòt lè yo bay èd pou lang, ajan ki fè rapò (demandè) a dwe ranpli tout kote pou make enfòmasyon Èd pou Lang yo nan Sistèm Rapò Anliy oswa Sistèm Rapò Ensidan an (Online Reporting System/Incident Reporting System, ORS/IRS), si sa aplikab.

G. Kowòdonatè Aksè nan Lang (Language Access Coordinator, LAC) - Kòmandan Biwo Relasyon Kominotè a (Community Relations Bureau, CRB) deziyen kòm Kowòdonatè Depatman Aksè nan Lang pou Depatman Lapolis la.

H. Plan Aksè nan Lang - yon gid ki eksplike fason Depatman an ap bay sèvis polis pou moun ki LEP.

I. Sèvis Èd pou Lang - èd ke yon manm Depatman an bay sou fòm entèpretasyon (tradiksyon nan bouch), tradiksyon (alekri) oswa konvèsasyon nan yon sèl lang nan yon lang ki pa Anglè.

J. Language Line Solutions - sèvis entèpretasyon (tradiksyon nan bouch) nan telefòn sou kontra ki bay aksè nan entèprèt 24 èdtan pa jou nan plis pase 200 lang.

K. Konpetans Limite nan Lang Anglè - moun ki gen lang natifnatal yo ki pa Anglè epi ki gen yon kapasite limite pou li, ekri, pale oswa konprann Anglè. Deziyasyon LEP yo depann de kontèks la: yon moun ka posede ase konpetans nan lang Anglè pou fonksyone nan yon sèl anviwònman, men kapasite sa yo gendwa pa sifi nan lòt sitiyasyon. Pa egzanp, yon moun ka gen ase konpetans nan lang Anglè pou eksplike yon aksidan otomobil, men li ka jwenn konpetans sa yo pa ase pou li dekri sikonstans lè moun ap dispite nan kay.

L. Lang Natifnatal - lang yon moun kominike ladan avèk plis efikasite. Pèsonèl Depatman an dwe evite fè sipozisyon sou lang natifnatal yon moun, epi fè tout efò pou detèmine lang natifnatal moun lan pou asire yon kominikasyon ki efikas.

M. Lang Sous - lang dokiman orijinal la oswa lang oratè prensipal la.

N. Lang Sib - lang yon moun tradui oswa entèprete ladann.

O. Entèprèt Tanporè - nenpòt manm nan Depatman an, oswa nan piblik la anjeneral, ki pale de (2) lang epi ki kapab entèprete soti nan lang sous ki konsène a pou ale nan lang sib yo mande a.

P. Tradiksyon - yon moun ki gen konpetans ak konesans byen presi nan de (2) lang ki fè li ka ranplase tèks ki ekri soti nan lang sous la pou mete l nan yon tèks ekri ekivalan nan lang sib la.

IV. REFERANS YO

A. Konsèy DOJ pou Benefisyè Èd Finansye Federal Konsènan Entèdiksyon, dapre Tit VI, Diskriminasyon akòz Orijin Nasyonal ki Afekte Moun ki LEP, 67 Fed.Reg 41455 (2002)

B. Kòd Etik ak Pratik Pwofesyonèl Asosyasyon Tradiktè Ameriken

C. WWW.LEP.GOV

V. RÈG AK RÈGLEMAN

Pa Aplikab

VI. PWOSEDI YO

A. Responsablite Kowòdonatè Aksè nan Lang (LAC):

1. Kowòdone epi aplike tout aspè nan sèvis èd pou lang yo;
2. Kreye, kenbe, mete ajou ak distribye LAP a, epi idantifye;
 - a. nan ki lòt lang yo dwe tradui dokiman enpòtan anpil yo, ak
 - b. ki lòt dokiman oswa lòt enfòmasyon yo dwe tradui.
3. Idantifye popilasyon LEP ki gen chans pou mande sèvis èd pou lang; pou fè sa, li egzamine:

- a. Dosye depatman an, ansanm ak dokiman entèpretasyon pèsonèl Depatman an fè;
 - b. Relve bòdwo Language Line Solutions;
 - c. Enfòmasyon yo jwenn nan men òganizasyon kominotè yo tankou distri lekòl, lopital ak gwoup defansè yo;
 - d. Enfòmasyon ki gen nan Sondaj Biwo Resansman Etazini sou Kominote Ameriken yo.
4. Verifye yon seleksyon oaza nan dis pousan Done Swivi Èd pou Lang yo ki fèt chak twa mwa pou asire:
- a. Yo te byen anrejistre nèt enfòmasyon ki nesèsè yo.
 - b. Yo te swiv bon pwotokòl yo pou entèpretasyon.
 - c. Yo pa mal itilize entèprèt tanporè yo.
 - d. Yo byen deplwaye resous yo pou entèpretasyon.
 - e. Yo refere defisyans yo bay Kòmandan manm ki fè rapò a.
5. Bay Komisyonè Lapolis la yon rapò anyèl konplè sou Sèvis Èd pou Lang nan Depatman an.
6. Enfòmè piblik la sou Sèvis Èd pou Lang yo.
- a. Siyalizasyon ak Dokiman ki Enpòtan Anpil
 - (1) LAC a ap kreye epi konsève dokiman ki enpòtan anpil yo.
 - (2) Siyalizasyon, avi sou sitwèb ak dokiman enpòtan anpil yo dwe enprime ann Anglè, Panyòl, ak lòt lang LAC a te idantifye ki koresponn.
 - (3) Siyalizasyon ak Tablo Idantifikasyon Lang yo dwe byen afiche kote pou tout moun wè yo nan pwen dantre piblik yo nan tout enstalasyon Depatman an, ak sou paj akèy sitwèb Depatman an ki endike ann Anglè, Panyòl ak nan lòt lang ki koresponn yo ke:
 - (a) Gen entèprèt ki disponib gratis.

(b) Gen fòm ak dokiman ekri ki disponib nan lang ki pa Anglè.

(4) Tablo Idantifikasyon Lang yo dwe afiche nan tout enstalasyon piblik yo epi yo dwe konsève yo nan tout machin sektè yo.

(5) LAC a dwe fè akizisyon siyalizasyon ki nesèsè yo nan lang ki nesèsè yo epi fè aranjman pou livre yo nan chak etablisman Depatman an.

(6) Chak twa mwa LAC a, oswa reprezantan l, ap enspekte aspè fizik chak enstalasyon Depatman an pou asire siyalizasyon yo ak dokiman ki nesèsè yo afiche epi/oswa yo disponib.

b. Yo dwe fè lekti pou yon LEP dokiman ki pa disponib nan lang prefere LEP a; pou fè sa y ap itilize yon DAI, yon manm Bileng oswa Language Line.

7. Reprezante Depatman an nan patenarya li avèk lidè yo nan kominote Latino a ak lòt kominote ki gen gwo popilasyon LEP pou asire LAP a aplike nan fason ki efikas.

a. LAC a ap fè yon sondaj chak twa mwa nan kominote Latino a pou mezire efikasite LAP a.

b. LAC a ap analize rezilta chak sondaj epi aplike mezi pou amelyore plan an.

c. Y ap pibliye rezilta sondaj la nan yon rapò anyèl.

B. Responsablite Kòmandan yo

1. Kòmandan yo dwe asire yo afiche siyalizasyon, dokiman enpòtan anpil yo ak lòt enfòmasyon, epi yo vizib pou piblik jeneral k ap antre nan etablisman yo.

2. Kòmandan yo dwe asire pèsonèl sibaltèn lan antre tout Done Swivi Èd pou Lang ki apwopriye yo lè yo itilize nenpòt sèvis èd pou lang.

C. Responsablite Biwo Zafè Entèn

1. Biwo Zafè Entèn (Internal Affairs Bureau, IAB) ap mennen ankèt sou tout plent ki akize ke yo refize bay sèvis aksè nan lang.

2. IAB a ap fè odit chak mwa pou detèmine si yo bay sèvis èd pou lang yo dapre Chapit sa a.

a. Anketè yo ap jwenn yon lis apèl "Lima" nan sistèm dosye Depatman an epi kontakte pleyan ki nan lis sa a pou detèmine si:

(1) Pleyan an te resevwa sèvis obligatwa/yo mande yo, ak;

(2) Si pleyan an te satisfè pou sèvis la.

b. IAB a ap evalye repons negatif yo, epi dapre chak ka, l ap detèmine ki aksyon pou pote koreksyon oswa aksyon disiplinè ki dwe pran.

D. Responsablite Tout Manm yo

1. Respekte pwosedi ki nan Seksyon sa a.

2. Rapòte imedyatman bay sipèvizè a nenpòt manm nan Depatman an ki te refize bay nenpòt moun sèvis èd pou lang nan fason ki enjis.

E. Founiti Sèvis Èd pou Lang - Manm yo ap bay èd pou lang gratis pou tout moun ki bezwen èd sa.

1. Language Line Solutions - Tout manm yo gen aksè nan sèvis Language Line 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn.

a. Aparèy telefòn doub Language Line yo disponib pou piblik la nan: biwo resepsyon chak Pòs polis ak Katye Jeneral; Seksyon Krim ak Brigad Detektiv nan chak Pòs polis; Seksyon Operasyon Ayewopò; gichè piblik nan Seksyon Dosye Santral; Seksyon Vyolans nan Kay; Seksyon Krim Rayisman; Seksyon Omisid; Biwo Afè Entèn; resepsyon Biwo Marin; Biwo Marin - Fire Island (de [2] telefòn); Biwo Lisans Pistolè; Biwo Akademi Polis (Lwès); Seksyon Viktim Espesyal ak Biwo Patwouy Espesyal.

b. Telefòn selilè ki pwograme pou rele otomatikman Language Line deplwaye nan plis pase 30 inite patwouy nan tout distri lapolis la

c. Gen òdinatè tablèt ki konpatib ak VoIP ki pwograme pou jwenn aksè nan Language Line ki deplwaye nan plis pase 85 inite patwouy nan tout distri lapolis la.

2. Pwosedi pou Bay Sèvis Entèpretasyon pou moun k ap rele 9-1-1

a. Lè yon operatè 9-1-1 detèmine yon moun k ap rele se yon LEP li ye, operatè a dwe detèmine lang natifnatal moun k ap rele a.

(1) Si operatè a detèmine lang natifnatal moun k ap rele a se Panyòl, operatè a ap konekte apèl la dirèkteman bay yon operatè ki pale Panyòl. Si pa gen okenn operatè ki pale Panyòl ki disponib, operatè a dwe itilize Language Line.

(2) Si operatè a detèmine lang natifnatal moun k ap rele a se yon lòt lang ki pa Panyòl, operatè a ap rele Language Line imedyatman.

(3) Operatè a ap note nan seksyon "remak" CAD a ke moun ki rele a se yon LEP, l ap presize ki lang moun k ap rele a pale, epi l ap mete yon deziyasyon "L" pou apèl la.

b. Dispatchè yo ap fè tout efò pou voye yon DAI oswa yon ajan bileng, dapre disponibilite, pou apèl ki konsène moun ki LEP.

3. Pwosedi pou Founi Sèvis Entèpretasyon sou Teren

a. Tout manm nan Depatman an ki dwe kominike avèk yon moun ki gen lang natifnatal li ki pa Anglè dwe detèmine si moun lan se yon LEP.

b. Si moun nan se yon LEP ajan entèvansyon an dwe detèmine lang natifnatal moun nan, avèk itilizasyon kat ID Idantifikasyon Lang, (PDCS-7044), si sa nesèsè.

c. Si ajan entèvansyon an deziyen kòm yon Ajan Bileng oswa DAI nan lang natifnatal moun ki LEP a, ajan entèvansyon an ka fè konvèsasyon ak moun lan nan yon sèl lang.

(1) Si ajan entèvansyon an detèmine nan kèlkeswa moman li pa gen ase konpetans nan lang lan pou ofri sèvis la, ajan an dwe mande èd pou lang nan Seksyon Kominikasyon an jan li dekri anba a nan paragraf "d."

(2) Yon ajan entèvansyon ki se yon DAI oswa yon Ajan Bileng dwe antre tout Done Swivi Èd pou Lang yo nan ORS/IRS.

d. Si ajan entèvansyon an **pa** deziyen kòm yon Ajan/Manm Bileng oswa yon DAI nan lang natifnatal LEP a, ajan entèvansyon an dwe:

(1) Sèvi avèk nenpòt mwayen li gen aladispozisyon l pou detèmine si gen sikonstans ki mande aksyon touswit.

(2) Si pa gen sikonstans ki mande aksyon touswit, li dwe mande èd pou lang nan Seksyon Kominikasyon an.

(a) Seksyon Kominikasyon an ap detèmine si gen yon DAI oswa yon Ajan/Manm Bileng ki disponib.

(b) Si pa gen okenn DAI oswa Ajan/Manm Bileng ki disponib, Seksyon Kominikasyon an ap konseye ajan entèvansyon an pou l itilize Language Line.

(c) Si yo deziyen yon DAI pou bay èd, DAI a ka bay ajan entèvansyon an sèvis entèpretasyon.

(d) Si yo deziyen yon Ajan/Manm Bileng pou bay èd, ajan sa/manm sa kapab kominike avèk moun ki LEP a pou ede ajan entèvansyon an jere apèl la.

(3) Antre tout Done Swivi Èd pou Lang yo nan ORS/IRS.

e. Sikonstans ki mande aksyon touswit - Pèsonèl ki dwe kominike avèk moun ki LEP ki nan sitiyaasyon danjere oswa sitiyaasyon ki agrave rapidman ka itilize nenpòt entèprèt tanporè ki disponib.

(1) Entèprèt tanporè yo ka gen ladan moun ki la k ap asiste, tankou zanmi ak manm fanmi moun ki LEP a. Lè l ap itilize yon entèprèt tanporè, ajan entèvansyon yo dwe:

(a) Teni kont de metriz entèprèt la gen aparaman nan ni lang sous ni lang sib la, epi l ap teni kont tou de nenpòt patipri, enterè pèsonèl, oswa pwoblèm konfidansyalite ki ta evidan.

(b) Devlope epi poze tout kesyon. Kèlkeswa sikonstans lan, yo p ap otorize yon entèprèt tanporè entèwoje yon moun LEP poukont li.

(c) Evalye konpòtman entèprèt tanporè a pou jwenn si gen siy move entèpretasyon tankou:

(1.) Lè deklarasyon entèprèt la pi long oswa pi kout anpil pase deklarasyon moun ki LEP a;

(2.) Lè entèprèt la angaje nan plizyè konvèsasyon sou kote swa ak moun ki LEP a oswa ajan entèvansyon an;

(3.) Lè moun ki LEP a sanble fristre, oswa li chwazi pale yon Anglè lou malgre efò entèprèt la.

(d) Sèvi ak timoun kòm entèprèt tanporè kòm yon dènnye mwayen sèlman.

(e) Sispann sèvi ak nenpòt entèprèt tanporè ki gen move pèfòmans.

(2) Dire Sikonstans ki mande aksyon touswit - Lè sikonstans ki mande aksyon touswit la pase, ajan entèvansyon yo dwe detèmine si kontinye gen yon bezwen pou sèvis entèpretasyon.

(a) Si yo ka rann sèvis lapolis yo dapre enfòmasyon yo resevwa deja nan men moun ki LEP a, yo pa bezwen plis sèvis entèpretasyon.

(b) Si yo pa ka rann sèvis polis la dapre enfòmasyon entèprèt tanporè a transmèt, ajan entèvansyon an ap mande èd pou lang nan Seksyon Kominikasyon an.

(c) Pou Seksyon sa a, si nenpòt ki lè ajan entèvansyon an detèmine kalite entèpretasyon an sispèk, yo pa ka rann sèvis polis la.

(3) Dokimantasyon Itilizasyon Entèprèt Tanporè - Chak fwa yo jwenn enfòmasyon pa mwayen itilizasyon yon entèprèt tanporè, ajan an dwe antre tout Done Swivi Èd pou Lang yo nan ORS/IRS.

4. Entèwogasyon, Entèvyou ak Plent

a. Chak fwa yo dwe pran yon deklarasyon alekri nan men yon moun ki LEP:

(1) Si yo itilize yon DAI oswa Language Line, ajan anketè a dwe anrejistre deklarasyon an;

(2) Si yo itilize yon Manm Bileng, manm sa ap anrejistre deklarasyon an.

b. Sispèk Kriminèl ki LEP

(1) Yo dwe itilize yon DAI oswa yon Manm Bileng pou pran nenpòt deklarasyon alekri nan men yon sispèk ki LEP. Si pa gen okenn ki disponib, ajan anketè a ap itilize Language Line.

(a) Y ap itilize yon DAI, yon Manm Bileng, oswa Language Line pou bay ak fè lekti fòm avètisman *Miranda* yo nan lang natifnatal sispèk la.

(b) Lè y ap prepare yon entèwogasyon oswa yon entèvyou pou yon ajans asosye, manm Depatman an ka itilize yon entèprèt ajans lan deziyen.

(2) Manm Depatman yo ki itilize yon DAI oswa yon Manm Bileng lè y ap pran deklarasyon yon moun sispèk dwe mete nan deklarasyon an ak nan ORS/IRS:

(a) Dat, lè ak anplasman deklarasyon an

(b) Grad ak kòmandman DAI a oswa Ajan/Manm Bileng lan

(c) Lang sous ak lang sib la

(3) Manm Depatman yo ki itilize Language Line lè y ap pran deklarasyon yon moun sispèk dwe mete nan deklarasyon an ak nan ORS/IRS:

(a) Dat, lè ak anplasman deklarasyon an

(b) Non, enfòmasyon pou kontak ak Nimewo Idantifikasyon entèprèt la

(c) Lang sous ak lang sib la

c. Viktim ak Temwen ki LEP

(1) Yo dwe itilize èd pou lang pou pran tout deklarasyon alekri yo.

(2) Y ap anrejistre nan deklarasyon viktim/temwen an, epi y ap antre nan ORS/IRS non ak enfòmasyon pou kontak entèprèt yo itilize a, ansanm ak dat, lè, anplasman, lang sous ak sib, ak Nimewo Idantifikasyon Entèprèt Language Line lan, si sa aplikab.

d. Plent Kont Pèsonèl Depatman an

(1) Nenpòt moun ki LEP ki vle pote yon plent kont nenpòt manm nan Depatman an pou nenpòt ki rezon, dwe resevwa èd pou lang nan lang natifnatal li.

(2) Manm Depatman an k ap resevwa plent lan dwe anrejistre nan ORS/IRS non ak enfòmasyon kontak entèprèt yo itilize a, ansanm ak dat, lè, anplasman, lang sous ak sib, ak Nimewo Idantifikasyon Entèprèt Language Line lan, si sa aplikab.

(3) Yo dwe bay LEP pleyan an desizyon ki pran sou tout plent yo nan lang natifnatal li.

G. Sèvis Tradiksyon

1. Biwo Relasyon Kominotè (CRB) dwe sipèvize tout fonksyon tradiksyon nan Depatman an.

a. CRB dwe konsève yon lis manm nan Depatman an ki otorize fè tradiksyon yo.

b. CRB a ap kowòdone tout sèvis tradiksyon founisè sou kontra yo bay.

2. Manm k ap resevwa korespondans nan yon lang ki pa Anglè dwe kontakte CRB pou jwenn èd pou tradiksyon.

a. CRB ap itilize Tradiktè Otorize Depatman an anvan li voye korespondans deyò bay founisè ki sou kontra yo.

b. Kòmandan Biwo Afè Entèn lan, oswa reprezantan li, ka fè kowòdinasyon dirèkteman avèk Tradiktè Otorize Depatman an, oswa founisè deyò yo pou prezève konfidansyalite korespondans yo, lè sa nesesè.

c. Tout tradiksyon dwe fèt nan sèt (7) jou oplita apre yo resevwa korespondans orijinal la.

3. Rapò Enfòmasyon sou Konpliman/Plent, (PDCS-1300-1), nan lang ki pa Anglè yo ap endike sou fòm lan ke:

a. Sèvis entèpretasyon disponib gratis nan tout enstalasyon Lapolis yo oswa nan telefòn; epi

b. Biwo Afè Entèn gen yon nimewo telefòn ki rezève pou pleyan ki pale Panyòl yo.

F. Fòmasyon - Depatman an ap fè fòmasyon chak ane sou règleman ak pwosedi LEP yo pou tout manm yo.

1. Responsablite

a. Kowòdonatè Aksè nan Lang lan ap kowòdone avèk Biwo Akademi Lapolis la pou kreye epi mete ajou yon pwogram fòmasyon konplè.

b. Biwo Akademi Lapolis la ap konsève pwogram lan epi l ap fè fòmasyon ki gen ladan ansèyman nan salklas, Fòmasyon Kontini Endividyalize Desantralize (Decentralized Individualized In-Service Training, DIIT), ak Bilten Fòmasyon Depatman an.

2. Depatman an ap bay 20 èdtan fòmasyon sou Kilti ak Lang Panyòl nan Pwogram Fòmasyon Rekri li gen k ap gen ladan tout règleman ak pwosedi LEP yo.

3. Manm nan fòmasyon kontini yo ap resevwa fòmasyon anyèl nan bagay sa yo:

a. Fason pou idantifye bezwen èd pou lang pou yon moun ki LEP pandan yon entèraksyon an pèsòn oswa nan telefòn.

b. Fason pou jwenn aksè nan Entèprèt Otorize Depatman an, Ajan/Manm Bileng, Language Line Solutions ak itilizasyon entèprèt pandan sikonstans ki mande aksyon touswit yo.

c. Fason pou travay avèk entèprèt yo epi evalye kalite entèprèt la.

d. Fason pou teni kont de divèsite kiltirèl ak obstak lang nan sèvis lapolis.

e. Fraz, tèm ak kòmandman debaz nan Lang Panyòl.

4. Pèsònèl ki prete sèman yo ap resevwa yon Dokiman siplemantè Liv Memo Gid Lang Panyòl, (PDCS-7041), pou ede yo nan sitiyasyon lapolis ki konsène moun ki LEP.

5. Tout manm yo dwe fin wè film sou langaj D.I.I.T. Language Line lan chak ane.

H. Kalifikasyon

1. Tout manm nan Depatman an dwe ranpli yon kesyonè sou Ladrès nan Lang Etranje, (PDCS-7043), ki bay an detay konpetans yo nan nenpòt lang ki pa Anglè kòm yon pati tretman dosye rekritman yo. Sipèvizè Seksyon Pèsonèl la dwe konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Pèsonèl la.

a. LAC a dwe konpile epi kenbe ajou lis DAI yo ak Manm Bileng yo nan ORS/IRS

2. Sètifikasyon Konpetans

a. Manm Depatman k ap chèche pou yo mete yo nan lis DAI/Manm Bileng lan ap fè yon demann pou enklizyon bò kote LAC a.

b. LAC ap pase pa yon founisè sou kontra pou òganize tès konpetans. Y ap pwograme tès yo dapre bezwen ki genyen epi y ap evalye manm lan sou:

(1) Ladrès nan Lang Anglè ak nan lang y ap teste a

(2) onesans tèminoloji lapolis debaz yo

(3) Presizyon entèpretasyon

(4) Kapasite pou koute yon fason atantif

(5) Kapasite pou sonje enfòmasyon

(6) Kapasite pou swiv direktiv

(7) Wòl entèprèt ak konsiderasyon etik

c. Y ap mete sou lis ki apwopriye a manm ki jwenn sètifikasyon nan men founisè a.

d. Manm ki pa kapab jwenn sètifikasyon ap kalifye pou rebran tès la dapre desizyon LAC a sèlman.

e. LAC a dwe siveye ak òganize tès re-sètifikasyon pou chak manm ki nan lis la.

(1) Yo dwe retire nan lis la manm ki pa pase nan re-sètifikasyon an.

(2) Y ap pèmèt nenpòt manm ki pa kapab pase nan re-sètifikasyon an re pran tès la dapre desizyon LAC a sèlman.

f. DAI k ap chèche sètifikasyon kòm tradiktè yo ap fè yon demann bò kote LAC a.

(1) LAC a ap òganize avèk founisè sou kontra ki deziyen an tès sètifikasyon pou tradiktè dapre bezwen ki genyen yo.

(2) Y ap deziyen kòm "Tradiktè" nan lis DAI a DAI ki pase nan tès konpetans tradiksyon deziyen an.

(3) LAC a dwe planifye tès re-sètifikasyon pou chak manm ki deziyen kòm yon "Tradiktè". Y ap retire deziyasyon "Tradiktè" a pou manm ki pa pase nan re-evalyasyon an.

VII. AKREDITASYON

A. NYSLEAP

VII. LIS

Kowòdonatè Aksè nan Lang - 26/5

Plan Aksè nan Lang: - 26/5

Fòm Swivi Èd pou Lang (PDCS-7042) - 26/5

Konpetans Limite nan Lang Anglè - 26/5

FEN